



Pati I: Leson I

Tounen yon bon tè: Grandi nan Bondye

Tè Ki donnent anpil : Kòmanse yon lavi tounèf ak Jezi



Byenvini! Jezi akeyi w e li anbrase w nan fanmi Li. Kòm frè ak sè nan Kris, nou akeyi w tou. Lanmou Bondye reyini nou ansanm nan yon sèl fanmi anndan Bondye.

Byenvini nan lavi tounèf ou fèk kòmanse a. Lè ou vin tounen yon kreyen, genyen anpil mouvman ki fèt nan syèl la ak nan lavi w. Ou sòti nan lanmò espirityèl pou travèse nan lavi espirityèl paske ou mete konfyans ou nan Jezi pou l te kapab vin tounen Sovè ak Senyè pèsònèl ou. Ou vin parèt yon lòt jan devan Bondye epi ou vin kòmanse devlope bon rapò ak pèp Bondye a. Pawòl Bondye di: “*Kifè ankò, depi yon moun nan Kris, li se yon nouvo kreyasyon. Ansyen bagay yo pase. Epi, gade! Tout bagay vin nouvo.*” (2 Korentyen 5:17).

Swiv Jezi se pi gwo desizyon yon moun te kapab pran nan lavi. Se pi gwo apèl, pi gwo destine yon moun kapab konnen nan eksperyans lavi. Priyè nou pou ou, epi sa nou swete pou ou, se pou ou kapab grandi nan relasyon w ak Bondye epi pou w ta sanble avèk Li pi plis chak jou. Apòt Pòl te montre kòman li te swete sa pou zanmi l yo, e se sa nou swete pou oumenm tou.

Se poutèt sa, nou menm tou, depi jou nou te tandé sa, nou pa sispann priye pou nou; nou pa sispann mande Bondye pou li ranpli nou ak konesans volonte li, nan tout kalite sajès ak bon-konprann espirityèl. Konsa, nou va mache jan Senyè a merite l, pou nou fè l plezi tout jan. Sa vle di, N a donnent tout kalite bon zèv; N a grandi nan konnen Bondye; N a gen tout kalite pisans, dapre fòs glwa li, pou nou gen tout kalite andirans ak pasyans; epi, nan lajwa, N a rann Papa a gras, li menm ki prepare nou pou nou gen pa nou nan eritaj sen yo, nan limyè a. Se li ki delivre nou anba pouwwa fènwa a epi ki transfere nou nan wayòm Ptit byenneme l la. E, se nan Ptit la nou gen redanmsyon, nou gen padon pou peche nou (Kolosyen 1:9-14).

PLAN POU OU GRANDI



Nan lesyon sa a, ou pral konprann kisa Bondye ap tann nan menw ak mwayen pou ou grandi nan lavi espirityèl ou.

Lavi espirityèl sanble anpil ak yon vwayaj. Tankou tout vwayaj, li fèt yon pa de pa, yon kilomèt de kilomèt, yon jou de jou. Nan vwayaj, nou jwenn tou moman nou reyisi epi fè fèt, epi moman gwo difikilte ak baryè. Genyen de vwayaj ki dire tout lavi. Vwayaj espirityèl la se pou tout rès lavi w.

Nan nouvo lesyon sa a, ou dwe grandi. Lavi plant yo grandi depi nan gress jouk rive gwo pye bwa. Moun grandi tou, depi tibebe, epi timoun jouk rive granmoun. Ou dwe grandi nan lavi espirityèl ou.



Anvan ou ale pi lwen, fè yon ti kanpe epi mande Bondye ede w konprann pawòl Li, ede w fè eksperyans prezans Li, epi pou ou kapab tounen moun Li vle ou ye a.

YON IMAJ KI MONTRE KÒMAN MOUN GRANDI NAN KRIS:

Parabòl moun kap simen an (Mark 4:1-20)



Lè Jezi te vle anseye yon bagay ki enpòtan, li rakonte istwa. Anpil fwa yo rele istwa sa yo parabòl. Parabòl toujou senp, sa fè moun sonje yo fasil, epi tou genyen gwo kokenn chenn laverite ki sòti ladan yo dekwa pou nou aprann epi fè eksperyans. Sa nou pral wè la a, se premye parabòl ki ekri nan Bib la.

Jezi te kòmanse anseye bò lanmè a ankò. Yon gwo foul te rasanble devan li. Konsa, li monte sou yon kannòt sou lanmè a pou li chita. Men, tout foul la te atè bò lanmè a. Li t ap anseye yo anpil bagay an parabòl. E, nan ansèyman l lan, li di yo: Koute! Vwala se te yon kiltivatè ki soti al simen semans. Twouve pandan li t ap simen semans yo, yon pati tonbe bò wout la. Zwazo vini, yo manje li. Yon lòt pati tonbe nan tè wòch, kote ki pa t genyen anpil tè. Li pouse menm lè a, paske tè a te san pwofondè. Men, lè solèy la leve, li boule. Kòm li te san rasin, li fennen. Yon lòt pati tonbe nan pikan. Alò, pikan yo pouse, yo toufe li, epi li pa donnен. Epi, yon lòt pati tonbe nan bon tè. Li monte, li pouse kote yon gress donnен trant, youn donnен swasant, epi yon lòt donnен san.

Epi, li di: Moun ki genyen zòrèy pou tandé, tandé! Men, lè li te poukont li, Douz yo ak moun toutotou li yo poze li kesyon sou parabòl la. Li di yo: Nou menm, Bondye te ban nou okazyon pou nou konnen mistè wayòm li an. Men, pou moun sa yo, yo menm ki deyò a, tout bagay vini an parabòl.

« Konsa, Yo va gade gade san yo pa wè, Yo va koute koute san yo pa konprann, Pou yo pa konvèti. Si se pa t sa, Bondye ta padone peche yo ».

Li di yo ankò: Nou pa konprann parabòl sa a? Donk, kòman n ap fè konprann tout parabòl yo? Kiltivatè a ap simen pawòl la. Genyen sa yo ki bò wout la, kote li te simen pawòl la. Yo annik tandé pawòl la, Satan vini menm lè a, li pran pawòl kiltivatè a te simen nan kè yo a. E, sa yo ki te resevwa semans lan nan tè wòch la, yo se menm bagay. Lè yo tandé pawòl la, yo resevwa li menm lè a ak lajwa. Men, yo pa genyen rasin nan yo menm. Yo la pou yon ti moman. Alò, lè pawòl la lakòz tribilasyon ak pèsekisyón vini, yo chite menm lè a. Genyen sa yo tou, ki te resevwa semans lan nan pikan an. Yo se moun ki tandé pawòl la, men, tèt-chaje lavi a, richès ki twonpe moun, ak lòt anvi antre toufe pawòl la, epi li vin pa donnен. Epi, genyen sa yo ki te resevwa semans lan nan bon tè a. Yo menm, yo tandé pawòl la, yo resevwa li, epi yon gress donnен trant, youn donnен swasant, yon lòt donnен san (Mak 4:1-20).

Nan parabòl sa a, genyen kat kalite tè kote gress yo tonbe. Ki kalite tè chak tè sa yo ye ? Kòman gress yo grandi sou chak tè yo ?


TÈ YO	KI KALITE TÈ	KÒMAN GRENN YO GRANDI
Chemen an		
Tè wòch		
Tè Pikan		
Bon tè		



Poukisa gress/pawòl ki nan chemen an pa grandi ?



Poukisa gress/pawòl sou wòch la pa grandi ?



Poukisa gress/pawòl nan pikan yo pa grandi ?



Poukisa gress/pawòl nan bon tè a grandi epi bay bon rekòt ?

Ki kalite tè ou vle ye ?

FOUYE PI FON : MEN KISA GRANDI NAN LEVANJIL LA YE



Apre rakonte istwa, Jezi poze anpil kesyon tou. Annou li sa Pawòl Bondye di sou **grandi nan lavi espirityèl** ou nan vèsè sa yo, apre sa reponn kesyon sa yo, epi diskite avek zanmi w yo sou sa ou panse. Wap jwenn repons yo nan chak pasaj.

I. BONDYE MANDE NOU POU NOU GRANDI

Tankou timoun ki fenk fèt, se pou nou kriye dèyè bon lèt san dekoupe ki soti nan Bondye, pou nou kapab grandi, pou nou kapab fin delivre nèt. Paske, nou déjà goute Mèt la, nou wè jan li bon. (1 Pyè 2:2-3 HCV).

Kisa nou dwe fè pou nou grandi pou nou delivre nèt ?

Men, se pou nou grandi nan gras ak nan konesans Senyè nou an, Sovè nou an, Jezi Kris. Glwa pou li depi kounye a ak pou letènité. Amèn! (2 Pyè 3:18).

Nan ki fason Bondye mande nou grandi ?

2. ETAP POU NOU GRANDI NAN BONDYE

Jezi te bay imaj pou L esplike kisa grandi pazapa nan Bondye a vle di, yon lavi mistè. Li te bay esplikasyon sa :

Epi, li di: Men kijan wayòm Bondye a ye: Se tankou yon nonm ki jete gress nan tè. Li dòmi lannuit, li leve lajounen. Epi, gress nan pran, li pouse, san nonm nan pa konnen kòman. Paske, tè a donnen poukont li. Flèch la pouse an premye; apre sa, se grap la; apre sa, gress vin plen grap la. Men, lè gress nan mi, nonm nan voye sèpèt menm lè a, paske rekòt la pare. ”(Mak 4:26-29).



Kisa Jezi di pou L esplike kòman wayòm Bondye a ye ?

Nan zafè grandi nan Kris la, Bondye pa gen maché prese. Pa genyen ti wout dekoupe. Plan travay Bondye a se pou letènité.

3. OBJEKTIF NOU LÈ N AP GRANDI NAN BONDYE

Pran san w pou analize twa pasaj labib sa yo pou ou kapab jwenn yon menm sijè pou yo, e sa ap ede w dekoutri ki plan Bondye genyen pou ou kapab grandi nan lavi espirityèl ou.

Paske, moun li te konnen davans yo, li te deside davans tou pou yo menm jan ak pòtre Ptit li a, dekwa pou Ptit la kapab yon Premye-Ptit pami anpil frè. (Women 8:29).

Men, nou tout, ki gen figi nou devwale epi ki gen glwa Semyè a ap klere nan figi nou tankou se te nan yon glas, n ap transfòme, glwa apre glwa, pou jis nou rive menm pòtre avèk Senyè a, grasa Senyè ki se Lespri a (2 Korentyen 3:18).

Byenneme, kounye a, se ptit Bondye nou ye. Sa nou pral ye a poko parèt. Men, nou konnen lè li va parèt, nou va menm jan avèk li. Paske, n a va wè li, menm jan li ye. E, tout moun ki genyen esperans sa a nan li, yo pirifye tèt yo menm jan, li menm, li pwòp la (1 Jan 3:2-3).

Ki objektif ou genyen lè w ap grandi nan Bondye ?

Kòman Bondye fè lavi w tounen pòtre Li ?

Ki sèl fason ou kapab vini sanble plis ak Jezi ?

TOUNEN TÈ KI DONNEN ANPIL : KÒMAN OU KAPAB GRANDI NAN BONDYE



I. PRATIKE PAWÒL LAVERITE SA YO

Kisa yon tè ye ? Se pousyè ase. Men, okenn plant paka grandi san li. Gen kèk tè ki bon pou fè plant donnen, men gen lòt ki pa konsa. Al chèche yon ponyen nan yon bon tè – yon ponyen tè ki ap bon pou fè plant grandi. Pran I epi kenbe I nan men w.

Poze tèt ou kesyon sa a : **kisa sa ap mande pou ou ta fè lavi w genyen tout bon bagay ki dwe fè w tounen yon tè ki donnen anpil ?**

2. REFLECHI SOU PAWÒL LAVERITE SA YO

Bondye ban nou Sòm yo pou lapriyè, adorasyon, epi refleksyon serye. Pran tan reflechi byen sou Sòm I :I-3 ki pale de sila yo ki ap grandi pou yo genyen matirite.

*Benediksyon pou moun ki pa mache daprè konsèy mechan yo,
Ki pa kanpe nan chemen pechè yo,
Epi ki pa chita ansanm ak mokè yo;
Men, ki pran plezi l nan lalwa Letènèl,
Epi ki medite sou li lajounen kon lannuit.
Moun sa a tankou yon pyebwa ki plante bò kouran dlo,
Epi ki donnen lè sezon l rive.
Fèy li yo pa janm fennen.
Tout sa l fè reyisi.*

3. ANGAJMAN POU VIV DAPRE PAWÒL LAVERITE SA YO

Pran yon ti tan avèk mentò ou a pou ou diskite sou kòman ou pral sèvi ak pawòl sa yo nan lavi w chak jou. **Ekri angajman sa yo nan kare anba a.**



Ansanm ak mentò ou epi ak lòt disip yo, lapriyè ansanm pou nou mande Bondye pou L dirije nou pandan nap grandi, fòtifye e proteje nou, epi bay nou sa nou bezwen pou nou viv chak jou.

Li I Pyè 2:2-3 chak jou pandan semèn sa, “*Tankou timoun ki fenk fèt, se pou nou kriye dèyè bon lèt san dekoupe ki soti nan Bondye, pou nou kapab grandi, pou nou kapab fin delivre nèt. Paske, nou deja goute Mèt la, nou wè jan li bon*” (HCV).

Tradui pa Jean-Mario Michel
 © 2021 International Strategic Alliances, Inc. (ISA)
 Dokiman sa yo vize fòmasyon moun sèlman, yo kapab kopye epi sèvi avèk yo pou kalite travay konsa, men yo pa dwe fè chanjman nan yo san International Strategic Alliances pa bay otorizasyon pou sa.
 Tout pasaj Labib yo sòti nan Bib Kreyòl La (BKL), si se pa sa nou fè w konnen sa nan yon nòt.

